



PWOPRIYETE DOSYE

PWOPRIYETE DOSYE:

Pwojè Imigran Sivivan (Immigrant Survivors Project, ISP) yo ki nan Sant Resous Imigrasyon Pennsylvania se pwopriyetè dosye ki gen enfòmasyon viktim yo. ISP ta dwe kenbe tout dosye kliyan yo epi enfòmasyon k ap idantifye kliyan yo konfidansyèl. ISP ta dwe pwoteje dosye yo, dosye viktim yo, rejis ak lòt enfòmasyon alekri kont pèt, falsifikasyon, oswa itilizasyon ki pa otorize. ISP ta dwe rasire enfòmasyon sa a rete konfidansyèl sof nan ka kote kliyan an pibliye volontèman enfòmasyon an.

DWA KLIYAN YO GEN POU KONTWOLE DOSYE YO:

Tout kliyan yo gen dwa pou kontwole pwòp dosye yo. Kontwòl sa a pa ta dwe gen pwodwi travay estaf la (nòt oswa lòt travay estaf ISP a te pwodwi). Ou kapab mande pou korije oswa retire enfòmasyon ki pa presi yo, demode oswa pa konplè nan pwòp dosye ou yo. Ou kapab soumèt repondong done yo oswa memorandòm nan pwòp dosye ou yo. Materyèl sa a ta dwe alekri epi kenbe yon kopi nan dosye ou an.